

SS.7.C.3.5

Eksplike pwosès amannman konstitisyonèl la.

SS.7.C.3.5 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 4: Elèv yo pral rekonèt sinifikasyon difikilte amannman fòmèl Konstitisyon peyi Etazini an ki ap fèt la.

Atik V (5) *senk* Konstitisyon peyi Etazini an dekri de metòd pou **pwopoze** amannman yo e de metòd pou **ratifye amannman** yo nan Konstitisyon. Papa Fondatè yo te vle fè sèten ke te gen yon pwosès pou konstitisyon yon “dokiman vivan” ki ta kapab chanje avèk tan.

Papa Fondatè yo te vle kreye yon pwosès ki difisil. Si pwosès la te twò senp, Konstitisyon an tap chanje twò souvan ke jan l ta dwe chanje. Si pwosès la te twò difisil, Konstitisyon an tap toujou ret bloke an 1787, lè Konstitisyon an te ekri a.

Lajè pousantaj vòt yo te bezwen pou ratifye amannman yo montre difikilte pou amande Konstitisyon peyi Etazini an. Yo rekòmande de tyè (2/3) nan chak chanm Kongrè a oubyen lejislati eta yo pou pwopoze yon amannman, ki vle di ke sèlman ofisye ki te bon nan eleksyon yo ki ka vote pou pwopoze yon amannman. Epi tou, jwenn yon sipèmajorite (plis ke 50%) nan ofisye ki te bon nan eleksyon yo pou dakò pou pwopoze yon amannman montre difikilte amannman ki pwopoze yo.

Yo dwe vote twaka (3/4) nan lejislati eta yo pou ratifye yon amannman, oubyen twaka (3/4) nan eta met ansanm nan konvansyon ratifikasyon pou vote pou ratifye yon amannman. Ni ofisye ki te bon nan eleksyon yo (oubyen moun ke ofisye ki te bon nan eleksyon te chwazi yo).

Ofisye ki te bon nan eleksyon yo konn ke medya, endividyèl yo ak gwoup ki enterese yo ap monitè yo lè yo vote sou amannman pwopoze oubyen ratifye yo.

Met nan tèt ou ka yon fwa ke yon amannman fin ajoute nan Konstitisyon an, li vîn fè pati de li. Pa gen lwa federal or lwa leta a ki ka kanpe kont amannman sa a paske li se Konstitisyon an.

amandman - yon chanjman nan yon konstitisyon (e.g., Konstitisyon peyi Etazini an, Konstitisyon eta Florid la)

propoze - Fè yon sijesyon

ratifye - eksprime konsantman pou confime; fòmèlman apwouve